# БАХТИЯР

Қарақалпақ халқында,
Тарийхы белли даңқында,
Дилман улы Нурқасым,
Деген адам бар еди.
Азамат ердиң ҳаялын,
Ҳүрлиман сулыў дер еди.
Ўақты жетип бир күни,
Жүкли болды Ҳүрлиман,
Қуўанысып екеўи,
Ул бала болса Бахтияр,
Қыз бала болса Гүлнигар деп
Қурсақтағы баланың,
Атын қойды сыртынан.
Перзент сүйип жүрсем деп,
Азатлықтың таңында.
Шалқып дәўран сүрсем деп.
Уллы ўатан бағында.
Нурқасым менен Ҳүрлиман,
Езип келген бурынғы,
Зулымлықтан қутылып,
Теңлик алған ўағында,
Шет ел басқыншылары,
Жас Советтиң елине,
Жаңа көклем жерине,
Аяғын басып маладай,
Өңкеңлеп келди пададай.
Урнығa берди тум-тустан,
Сонда бизиң ҳүкимет,
Елден жаўды қуўыўға,
Елдеги барлық мәртлерди,
Шақырды тегис саўашқа,
Дилман улы Нурқасым,
Бири болып атланып,
Сум жаўларды жек көрип,

Жан тәнинде от жанып,
Куртыўға жаўды бараман,
Кулақ сал жаным Ҳүрлиман,
Деп Хош болың айтады:

Жеркенишли жаўызлар арамызға киргенсоң,
Халқымыз шыдап турар ма көсемим қуўат
бергенсоң,
Ар намысты бермеймиз деген сеслер келгенсоң,
Қайтарар жаўды мәртлериң ўазыйпасын билгенсоң
Ҳүрлиманым хош болың саўашқа барып
қайтармыз.
Еситкен адам туралмас залымлардың хабарын,
Шықпастай жерге көмермиз, топылған жаўыз
сумларын
Таңландырар елимиз айбатына жер шарын,
Жол баслаған халқыма данышпан Ленин сәрдарым
Жеткереди мақсетке абыройлы болып қайтармыз.

Азатлықты сақлаймыз, өмиримиз гүл-гүл
жайнайды,
Душпанларды қоймаймыз, бойымда жигер
қайнайды,
Нурқасымдай палўаның гуреске өзин сайлайды,
Халқым менен шадланып бахыт тойын тойлайды,
Азаматым хош болың душпанды қырып қайтармыз.

Деген ўақта Ҳүрлиман,
Кеўлине алмай қыйлы қал,
Жортқанда болғай жолларың,
Дүньяға еле шықпаған,
Перзентиң бар шабазым.
Соларың жетим болмағай,
Өзиң айтқан көсемин.
Мәдет берип қоллағай,
Деп айтты сөзин ол былай:

Әрманым жоқ елиң ушын ис етсең,
Мен серикпен сениң намысың ушын.
Саўашларда қаҳарманлық көрсетсең
Қуўанарман ерлик жумысың ушын.

Бахадыр ер мәртлигиңди билермен
Барлық ўақта саўлығыңды тилермен,

Абырой тауып келсең ойнап күлермен
Халық ушын гүрескен дослығың ушын.

Баратырсаң душпаныңа атланып,
Жигерленип қолға курал күш алып,
Мен күтермен алғыс пенен шадланып,
Ис етермен жақсы турмысым ушын.

Қыйынлыққа белди байлап турарман,
Әлпешлеп баланды гүлге орарман,
Аман келсең ерлигиңди сорарман,
Перзент сүйип сениң мәслигиң ушын.

Жаўыз душпанларға ойран салыңыз,
Бирлик пенен уллы абырой алыңыз,
Жуўап берди Ҳүрлимандай ярыңыз,
Шадланарман сениң бул исиң ушын.

Хош айтысып Нурқасым.
Саўашқа тигип бир басын,
Бизиң жаўынгерлерге,
Қызыл қыран ерлерге,
Қосылды барып әлҳасыл.
Командири ерлердин,
Баркатский ер екен.
Халқы сүйген ул екен,
Нурқасымды ишинен,
Сынап кәлеп тур екен.
Тутқын алып келесиз,
Нурқасым ҳәм Алексей,
Әширбайменен үшеўиңиз.
Деп буйрықты береди.
Әжеп десип үш батыр,
Тутқын излеп кетеди.
Мылтықлы сақшы қойылған,
Душпанның қорғаншасына,
Түн ақшамда жетеди.
Сол кәрада Нурқасым,
Күш берип жолдасларына,
Бир нәсийҳат етеди:

Көрип душпанға ҳийле етпей,
Жумысты алға өрлетпей,

Батыр болып ис көрсетпей,
Изге қайтыў дәркар емес.
Қыйынлық ис келсе баска,
Батырларым қорқып, саспа
Нәмәрт болып кейин қашпа,
Бизге қайтыў дәркар емес.
Жигер күш енер бойынша,
Батырлықты ал ойыңа,
Келтирмей исти жайына,
Изге қайтыў дәркар емес.

Досларым айтар алғысын,
Берейик жаўдың тәмбисин,
Питирмей исти халық ушын,
Бизге қайтыў дәркар емес.

Жигерленген үш батыр,
Сәт дарығай иске бир,
Деп солманда ойласып
Пысығына сөйлесип,
Мысалы әспижаллаптай,
Күн қызарып, таң атпай,
Атабек деген қанхордың,
Жолын тосып услады,
Аўзын таңып таслады.
Нурқасымның жолдасы,
Әширбайдың ағасын,
Атқан залым еди бул.
Сол кәрада Әширбай,
Нағыз ҳайўан деди бул.
Қорғаншаның сырларын,
Билетуғын киси бул.
Мәртлердиң болды иси гүл,
Қуўанып кетип Нурқасым,
Сөзди айтты усы бир.

Әширбай, Алексей саў бол жолдасым,
Орынладың командирдиң буйрығын.
Опат болсын ҳеш бир залым қалмасын,
Бәржай еттик командирдиң буйрығын

Батыр болсаң бағынбастай жаў қалмас,
Сермесем семсерди билегим талмас,

Тезден хабар берип айтпасақ болмас,
Ислеп шықтық командирдиң буйрығын.

Дослар еркинликте ойнармыз күлип,
Урынған душпанның баўырын тилип,
Минекей гүрестиң тәсилин билип,
Алып бардық командирдиң буйрығын.

Қаҳарманлық исти әйледик бәржай,
Биз қоймаймыз душпанларды қыйратпай
Ерлик қылдық Алексей ҳәм Әширбай
Орынладық командирдиң буйрығын.

Атабектей баспашы,
Тутқын боп қолға түскенсоң,
Оннан сырды билгенсоң,
Душпанлардың бекинген,
Қорғаншасы алынды.
Баспашының басына,
Үлкен саўда салынды.
Еки, үш айдың ишинде,
Баспашылар қуртылды.
Ақ жарылқап, күн туўды,
Болып ақжүз, абыройлы,
Мәртлер қайтты елине,
Туўып өскен жерине.

Ендиги сөз Ҳүрлиман,
Нурқасым менен хошласып,
Мәрдана боп қалғаннан,
Питип сәтли күн, айы,
Туўды егиз нәресте.
Биреўи ул, бири қыз,
Биреўи пал, бири уўыз.
Бахтияр менен Гүлнигар,
Деп атларын қояды,
Бақты оларды әлпешлеп,
Киятырып Нурқасым,
Соны ойлайды муддасыл.
Аманбекен, саўмекен,
Ҳүрлимандай зайыбым.
Не қылды екен қәйтты екен,
Отырмекен саламат,

Айдай қарап жолыма
Нәзерим мениң түсер ме,
Қызым менен улыма.
Деп қумартып Нурқасым,
Киятырып дусласты,
Санмың қазыўшыларға.
Қазып атыр екенлер,
Уллы Октябрь каналды.
Сол кәрада Нурқасым,
Қутлықлады буларды.

Сәлем сизге азаматлар,
Толқынласып күш қуўатлар,
Ҳармаңызлар қол-канатлар,
Қыздырып исти зорайтың.

Абат болсын туўған елат,
Жумысыңды көпке унат,
Серман, Айтым, Турдымурат,
Табысларыңды молайтың.

Мийнет ери батыр палўан
Өрлетиң исти ҳәркашан.
Ғайрат салған иним Досан,
Үй-ишимнен хабар айтың.

Қалдырмағыл исти кейин,
Ўазыйпаға салып зейин.
Жигерленген Әбдирейим,
Буннан да исти нығайтың.

Батыр халқтың қаҳарманы,
Ишер қантыў, шекер палы
Жасы уллымыз Оразалы,
Қазыўларды болып қайтың.

Қарыў-күшти жыйнап белге,
Хызмет етип туўған елге
Аман келдик өскен елге
Бизге бир хош хабар айтың.

Нурқасым менен адамлар,
Әжик-гүжик сөйлести,

Иззет-ҳүрмет әйлести.
Дийдарласып карасты.
Бахтияр деген улың бар,
Гүлнигар деген қызың бар,
Келбетинде олардың
Айнымаған өзиң бар.
Деп куўантты адамлар.
Көп қуўанып Нурқасым,
Қуўаныштан көз жасын,
Төгип төгип жиберди.
Жақын келип үйине,
Есигин бирден ашпады,
Сығалап көз таслады.
Көз тасласа сығалап,
Бесикте баллар иңгалап,
Жатырғанын көреди,
Арзыўлары сол еди.
Ҳәр жағында бир бесик,
Ҳүрлиман отыр ортада.
Қос бесикти тербетип,
Қосық айтып гүңирентип.

Абырай тапқан бизиң елдиң ерлери,
Қашан келер Бахтиярдың атасы.
Сағынып жүриппен көп күннен бери,
Қашан келер Гүлнигардың атасы.
Батыр еди ели ушын туўылған,
Мәртлик иске бели беккем буўылған,
Ар-намысты жибермеген, қуўынған
Шағлап келер Бахтиярдың атасы.
Қай жерде жүргенин билмедим болжап,
Әдиўли ис еткен ғайратын жумсап,
Шадлық пенен қолларына гүл услап,
Жайнап келер Гүлнигардың атасы.
Ўақты хошлық, шадлық кирди араға,
Жар урылып аўыл менен қалаға,
Түрли қосық айтып шадлы намаға,
Сайрап келер Бахтиярдың атасы.

Астындағы тулпар атын ойнатып,
Мен сағынған пешанасын жайнатып,
Қарсыласқан душпанларын қыйратып,
Қай ўақ келер Бахтиярдың атасы?!

Ҳаялының тилинен,
Бахтияр деген пал сөзди,
Гүлнигар деген гүл сөзди,
Еситип болып Нурқасым,
Есикти ашып қараса,
Баллар менен ҳаялдын,
Отырысы сән сонша.
Сәлем деди күлимлеп,
Нурқасымдай мәрт палўан,
Оны көрип Ҳүрлиман,
Ырғып турып орнынан,
Қосқоллап алып қолынан,
Қушақласып көристи,
Қумар тарқап сүйисти.
Ҳүрлиман менен бул жерде,
Ағасының ҳаялы,
Айша деген жеңгеси,
Отыр екен мәмпийип,
Ҳийлепаз жеңил минезли,
Ойыншыл еди бул кемпир,
Қайним еки перзентин,
Бирден көрип қалса егер,
Бәшәрттий талып қалса егер,
Қәйтемиз бизлер шырағым,
Деп бийшара елпиллеп,
Гүлнигарды жасырып,
Бахтиярды усынды.
Ул перзентин қушақлап,
Мийри қанып Нурқасым,
Қазыў басында еситкен,
Қызын жойтып тур еди.
Буны билип Ҳүрлиман,
Ушып турып орнынан,
Баласы менен қызын, да,
Теңнен сүйсин әкеси
Жасырғанының ол неси.
Деген сөзди еситип,
Айша кемпир бийшара,
Жасырып қойған жеринен,
Өжирениң төринен,
Гүлнигарды әкелип,
Мынаў да сениң қызың деп,
Қайнисине узатты.

Айтканындай журеги,
Шәўкилдеп сыймай ханаға,
Қуўанып кетип оғада,
Өзине келди аздансон,
Сол жерде Айша жеңгеси,
Көз айдын айтып буй деди:
Батыр қәйним қутлы болсын,
Еки бирдей перзентиңиз,
Қылған сейлиң қутлы болсын,
Ҳәмде аман келгениңиз.

Жетискениң бундай ҳалға
Шадлык болды досыў-ярга
Қосылдыңыз Ҳүрлиманға
Болып кеўил мақсетиңиз.

Сағынып қадди-бойыңды,
Енди көремиз тойыңды,
Халық көтерер абыройыңды,
Ада болмас иззетиңиз.

Жарқын жузиңди көрсеттиң,
Халыққа өзиңди көрсеттиң,
Жаўға күшиңди көрсеттиң,
Сизге көпдур ҳүрметимиз.

Ул-қызың өсип ес болсын,
Бойына қуўат-күш болсын,
Айша жеңгеңде мәс болсын,
Мерекени тезлетиңиз.

Көп күн өтпей арадан,
Тойды берди Нурқасым,
Нурқасымның тойына,
Ҳүрлиманның сыйына,
Адамлар көп жыйналды,
Партияның ағзасы,
Дәўлетов Ерполат деген
Азаматы аўылдың,
Колхозласыў туўралы,
Усы тойда ўаз қылды.
Оны қоллап Нурқасым,
Былайынша сөз қылды:

Колхозласыў ең бахытқа жеткерер,
Уйымласыў керек дара дийханлар.
Ис жүзинде мақсетиңди питкерер
Қурғынласыў керек дара дийханлар.

Мийнетиңиз бақалапар ис пенен,
Халық ушын ислесең ҳадал күш пенен,
Мақсетлер қалмайды ҳаслан питпеген.
Шөлкемлесиў керек дара дийханлар.

Бахыт берди халыққа Совет заманы,
Еркин дәўран сүрер ҳәрбир адамы,
Турмысың абадан болар мудамы,
Алға басыў керек дара дийханлар

Бирлик пенен хызметлериң болар сай,
Не ҳәжетиң келип турар айма ай,
Шанияз, Айымбет, Достым Жаңабай,
Колхозласыў керек дара дийханлар.

Сол күнлерден кешикпей,
Колхозласыў басланды.
Жат-жамайлар усланды,
Көсем Ленин атында,
Нурқасымның аўылы,
Колхоз болды әндамлы.
Ерполат усы колхозға,
Баслық болып сайланды.
Мийнет қылды Нурқасым,
Ҳүрлиман да иследи.
Мақсетлер болып муддасыл.
Әлқысса сөзди еситиң,
Гүлнигардай қызыннан.
Бахтиярдай улынан.
Екеўи де пәкизе,
Адам болып ер жетти,
Келешекке сер етти.
Гүлнигар Ташкент қалаға
Оқыў ушын ол кетти.
Бахтияр да сол күни,
МТС тан алып гүўалық,
Тракторшылық курсын,
Питкерип оқып келемен,

Самарқандтай шәҳәрде,
Деп әкесин қушақлап,
Ҳәм анасын аймалап,
Руқсатлар сорады.

Ўатан дузын ақлаў ушын мудамы,
Техниканың тилин билиў ўазыйпам.
Батыр жигит халқы ушын туўады,
Туўған елге хызмет қылыў ўазыйпам.

Ядқа алып бәрҳа көсем дананы,
Сайран етсем Самарқандтай қаланы,
Жас ўағымнан алып билим сананы,
Халық ишинде искер болыў ўазыйпам.

Жасымнан билимге талўас етермен,
Уллы мақсетим бар тезден жетермен,
Тракторшылық оқыўына кетермен,
Тәжирийбели болып жүриў ўазыйпам.

Сайран етип Самарқандқа барамыз,
Гүл өмирде еркин билим аламыз,
Жуўап сорап тур Бахтияр балаңыз,
Оқыўды питкерип келиў ўазыйпам.

Баласының ықласын,
Аңлады да Нурқасым,
Руқсат берди сол жерде,
Айтып нәсийҳат сөзлерди:

Қатарыңнан артта болмаң,
Өссин енди билим-санаң.
Илим дәрьясын ағызған
Гүл жайнаған Ўатан анаң.

Жарасар ерлик сыпатың,
Бойда таскан күш-қуўатың,
Ашылсын балам саўатың,
Устазыңыз ғамхор данаң.
Билим ал тереңнен ойлап,
Оқыў ушын белди байлап,
Аман барып кел гүл жайнап,
Жақсы оқы жаным балам.
Оқыўда зейин ықласың,

Билимдур улым жолдасың,
Исинди күтер Нурқасым.
Бар урықсат бердик балам.

Бахтияр кетти қуўанып,
Атасының сөзинен.
Жүрегине нур алып,
Самарқандтай қалаға,
Сән көрикли лалаға,
Жетип барып оқыды.
Оқығанын өрмектей,
Зейинине куйып тоқыды.
Қулласы кәлам курсты,
Жақсылап ғана питкерип,
Сағынып колхоз, жумысты.
Қыялына қунт енип,
Аўылға қайтты бир күни.
Туўылып өскен жерлери,
Көзлерине ып-ысық.
Кеўили шад Бахтияр,
Киятырғанда толықсып,
Нурман жолда тур еди,
Тракторы бузылып,
Бахтиярды көргенде,
Нурман жүдә қуўанды,
Тийеди деп көмеги,
Бахтиярдың ойында,
Кеўили де сол еди.
Шынтлап жәрдем береди,
Зейинлери иледи,
Бузылған жерин биледи.
Соны оңлап сәл ўақта
Ҳарлатып ходлар береди.
Үшкүннен бери бузылып,
Жатырған тракторының,
Шыққанына ғүр етип,
Сол кәрада Нурманның,
Шәўкилдеп кетти жүреги.
Бахтияр иним саў бол деп.
Алғыс сөзге бөледи.

Самарқанд шәҳеринде оқып нешше ай,
Тәжирийбени билдиң Бахтияр иним.

Уллы ўазыйпаңды әйлediң бәржай,
Қамалыңа келдиң Бахтияр иним.

Ийе болдың абырайға серик,
Көп ўақыт оқыдың зейнинди берип,
Техника билимниң маржанын терип,
Бизге жәрдем бердиң Бахтияр иним.

Мине сени кутлықлап тур халайық,
Мийнет бағларынан жемис алайық.
Ҳәммемиз бирликте ғайрат салайық,
Көринди ислериң Бахтияр иним.

Халық ушын туўылған жигитсең өзиң,
Алтынға қапланар айтылған сөзиң,
Көп ишинде жарқыраған гүл жүзиң,
Шад турмыста болдың Бахтияр иним.

Тәрбия алып өсип шықтың елимнен
Тәжирийбе алып түрли билимнен,
Халыққа хызмет етип ҳадал кеўилден,
Уллы талўас қылдың Бахтияр иним.

Күннен-күнге қыздырайық жарысты,
Мийнет пенен молайтайық табысты,
Нурман айтар ықлас пенен алғысты,
Гүл жайнасын жериң Бахтияр иним.

Бахтиярдың исине,
Ҳәмме ырза болады,
Ғайратына, күшине,
Халықтың кеўли толады.
Үш күннен соң Бахтияр,
Өзи барып МТС тан,
Жаңа трактор алады.
Тракторын жаңлатып,
Ис басына барады.
Ҳәпте, он күнлик жумысты,
Еки күнде ақ қылады.
Бахтиярдың ерлиги,
Нурқасымға унады.
Баласын сүйип сол жерде,
Айтты шағлап мынаны:

Бахытлысаң балам ашылған жолың,
Нени мақсет қылсаң жетеди қолың
Уллы даңқ ийеси қаҳарман болың,
Колхоз даласында күлип ойнай бер.

Күшти қосып уллы ўатан халқына,
Қанық болдың түрли истиң парқына,
Өсип баратырсаң алға талпына,
Қандай ис болса да белди байлай бер.

Жигерли күшиң бар ҳеш ўақта талмас,
Бахытлы заманда әрманың қалмас,
Шадлық пенен иске урарсаң ҳаллас,
Хызмет етип мийнет палын шайнай бер.

Ис жүзинде ғайратыңды сынадың,
Билмегенди билгенлерден сорадың,
Мине болды кеўилдеги мурадың,
Халқың менен бирге гүлдей жайнай бер.

Басыңызға қонған бахыттың қусы,
Ер жигитке келген дәўлетдур усы,
Буннан да гүлленер колхоз турмысы,
Ҳәрбир истиң тийкарынан ойлай бер.

Ата айтқан жақсы сөз,
Алтыннан зият емес пе?
Баланың болып ўақты хош,
Күшлери тасты он есе.
Көкти гөзлер қыялы,
Бир сөз айтты Бахтияр:

Колхоз қушағында келдим кәмалға.
Дослар ис жүзинде боламан алда.
Елим ушын жеңисимди арнайман,
Биздей улларыңның әрманы бар ма?

Табысларды күннен-күнге жайнатып,
Жеңис пенен шийрин тилди сайратып,
Талўас етип трактордың үстинде,
Айдап жүрмен рульде қол ойнатып.

Турмыстың техника күшли тулпары.
Айдаған мәртлердиң тарқар қумары,

Мол зүрәәт ушын қарыў саламан,
Таў болсын деп ақ алтынның минары.

Мен Совет баласы ермен күшим бар,
Жол көрсеткен партиямыз мәдеткар,
Қыйынлықты техникаға жеңдирип,
Ҳеш ўақытта истен қайтпас Бахтияр.

Көзге түсип Бахтияр,
Мийнет қылды белсенип,
Ҳүрмет етти досты-яр,
Хызметлерин қарсы алып.

Партия, ҳүкиметимиз,
Сол күнлердиң биринде,
Ис көрсеткен мәртлерди,
Москва пайтах қалаға,
Көргизбеге шақырды.

Шақырған мәртлер ишинде,
Бахтияр менен Нурқасым,
Екеўи де бар еди.
Қуўанғаннан Нурқасым,
Әрмансызбан мен деди.
Сондағы айтқан гәпи еди:

Уллы Совет заманында,
Еркинликте сайран еттик.
Ислеп мийнет майданында,
Табысларға жәўлан еттик,

Белде қуўат күшлер артты,
Нәтийжели ислер артты,
Шын жарыслар алға тартты,
Өзимизди палўан еттик.

Ерлик етип байрақланып,
Ис жүзинде ғайрат салып,
Жердиң байлық кәнин алып,
Зүрәәтли қырман еттик.
Ўатан ушын пидә жаслар,
Ҳеш кетпеген намыс-арлар,
Жеңис пенен досты-ярлар
Мақсетлерге бәрҳа жеттик.

Жайнаған жаздың айы еди,
Бахтияр менен Нурқасым,
Москваға сайран әйледи.
Шаржаўда минип поездға.
Жүрегин шадлық бийледи.
Баратырып поезда,
Сөз басы етип Бахтияр,
Бурынғы өткен адамлар,
Шалқыған ба бизлердей,
Қандай еди заманлар,
Шарық урған ба бизлердей?
Деген сөзди айтады.
Еситип буны Нурқасым,
Ядлады өз әкесин.
Бундай шадлы заманды,
Көрмей өлип кеткенин.
Поезд түўе арбаға,
Минбей өлип кеткенин.
Түсиндирди балаға,
Бул дәўирдиң оғада,
Баҳасы жоқ екенин.
Айтайын деди сен тыңла:

Қолдан келер шарасы жоқ атам еди иске шаққан,
Бай залымның есигинде жалтаң болып отын жаққан,
Ала алмай мийнет ҳақысын нешше жыллар
қойын баққан,

Қандай жақсы бизиң заман өңириме орден таққан
Хызметимди баҳаланған бахыт нурлы ўатаным бар.

Бай залымның куллығында атамыз болған гириптар,
Октябрьдиң жеңислери бул бахытка етти дуўшар,
Устазымыз дана Ленин бизлерге болып мәдеткар
Шынықкан бойда күшлерим қолымнан кетпес намыс-ар.
Ис жүзинде өним артқан табысларға жәўланым бар.

Қатар-қатар вагонлардың иши-тысы гүл-гүл жайнар,
Ресторан бир жағында аўқат писип, шайлар қайнар,
Кешелерди күндиз еткен электр сым гәўҳар айлар,
Турмыстың жүйрик тулпары астымызда йошып ойнар.
Суңқар яңлы ушып жүрген еркин шадлы дәўраным
бар,

Сөйлесип әке балалы,
Келди Самарқандқа да.
Теңи-тайы жоқ қала,
Қулпы дөнген дараклар.
Зер нақыш бийиқ минарлар,
Қызыл, жасыл, көк, ала,
Оғада сулыў өғада.
Қумартып көринисине,
Қарады көп Бахтияр.
Саўлатына нәше етип,
Оқып кеткен кешеғи.
Жерлерине көз тигип
Көрдим сени және бир,
Деп сөзди айтты мына бир:

Сәйир етип қарақалпақтан,
Оқып жатқан жерим мениң.
Гүл ашылып шешек атқан,
Туўысқан шәҳәрим мениң.

Қала аз теңи тайына,
Нағыс ойылған жайына,
Көркем сулыў шырайына,
Таң қалдырған қалам мениң.

Тарийхта өшпес аты бар,
Табыслы ҳасыл заты бар,
Гәўҳар алтын полаты бар,
Өндирисли қалам мениң.

Бағында бүлбил сайраған,
Ҳеш бир қызыққа тоймаған,
Нешше ай күлип-ойнағаң,
Билим алған жерим мениң.

Сейил етсең зейин ашады,
Йош урып кеўил тасады,
Күн-күннен алға басады,
Самарқандтай қалам мениң.
Фабрика, завод қуралы,
Тынбай айдалып турады,
Техникалы ис қылады.
Уллы совет елим мениң,

Поезд кетги зымырап,
Ийниң қыймылдамайды.
Сол жүристе демде-ақ,
Басты талай шалғайды,
Уллы Ташкент шәҳәрине,
Жеткенин қалды билип ақ.
Ташкентте оқып атырған,
Нурқасымның жан қызы,
Бахтиярдың қарындасы,
Гүлнигар да буларды,
Гүл алып күтип тур екен,
Сағынып та жүр екен,
Апақ-шапақ болысып,
Узақ ўақыт сөйлесип,
Узақ ўақыт көристи.
Сол қәрада Гүлнигар,
Нурқасымға ақ қалпақ,
Бахтиярға көк қалпақ,
Саўғалық етип кийгизди.
Бахтияр менен Нурқасым,
Гүлнигарға гүл берди,
Оқыўдан жақсы үлгер деп.
Доктор болып келеди,
Аўырыўларды аўылда,
Келип емлеп береди,
Деп жүриппиз Гүлниғар,
Деп сол жерде хошласты.
Саўлатлы Өзбекстанның,
Көргизбеге барыўшы,
Мәртлери менен бас қосып,
Бахтияр менен Нурқасым,
Москваға жол алды.
Иркилместен тез барды,
Москвалы жолдаслар,
Гүллер менен күтисти,
Үлкен ҳүрмет етисти,
Иззетлерге бөленди,
Ләззетлерге кенелди,
Бахтияр менен Нурқасым.
Көриў ушын Ленинди,
Мавзолейдиң алдында,
Сан мың достың бири боп,
Зиярат дизбек жасады.

Бир көриўге асығып,
Жүреклери дүрсилдеп,
Жанлы толқын ағыстай,
Бас кийимин қолға алып,
Бахтияр менен Нуркасым,
Тусынан өтти көсемнин
Алмай ҳешбир көзин бир
Айтты былай сөзин бир:

Теңлик берип мийнеткешти қуўантқан,
Келдик зияратлап көсемим сизге,
Сенсең бизиң өмиримизди жаңартқан,
Бахыт жолын ашып келешек иске.
Бурында халқымыз еди зарлаған,
Ҳәзир мине шад турмыста орнаған,
Халық атыңан миллион алғыс арнаған,
Келдик шадлық пенен көсемим сизге.

Халықларды шығарып әдиллик таңға,
Тең право берип барлық адамға,
Сәрдарлық әйлеген уллы ўатанға,
Келдик сәўбет пенен көсемим сизге.

Ислеген ислериң тарийх дәстанда,
Ўатаным айланды бағы-бостанға,
Ҳешбир ел тең келмес бизиң ўатанға,
Қадем урып өскен коммунизмге.

Жүзимизге бахыт нурын таратқан,
СССР ға еркин бостан жаратқан,
Шәкиртлериң исиңди алып баратқан,
Жүрегин арнайды көсемим сизге.

Қарақалпақ халқы түслик шығыстан,
Келдик зияратқа болып туўысқан,
Өлмейсең, тирисең Ленин данышпан,
Сәлем дер Бахтияр, Нурқасым сизге.

Бул сөзлерди айтты да,
Бахтияр менен Нурқасым,
Кремльди айланды.
Сан этажлы жайларды,
Көзлер менен шолыды.
Таң әжайып гүлистан,
Барлық жери нурыстан,

Москва пайтах қаламыз,
Бизлер келдик алыстан,
Әмиў бойы шығыстан.

Сәлемлерин арнайды,
Қарақалпақ туўысқан.
Деп Бахтияр, Нурқасым,
Жер астының шәҳәри,
Метроны да сейил етти.
Қуўаныштан және бир,
Күлип-ойнап сөз етти.

Ўатанның бахыт уясы,
Жақты берген нур қуяшы,
Сайран еткен ғарры, жасы,
Москваға келдик бүгин.

Өшпес гәўҳар күндиз, түнде,
Ядланады барлық тилде,
Мавзолейге, Кремльге,
Зияратлап келдик бүгин.

Алтын саат бес жулдыз бар,
Жети гүмбезде нур жайнар,
Электр сым гәўҳар айлар,
Сәўлесинде турдық бүгин.
Шәҳәримиз бағы бостан дур,
Жайлары мәрўерт тастандур,
Күн сайын алға басқандур,
Шалқып дәўран сүрдик бүгин.

Поезд, машин өтер жолдан,
Адамларға иши толған,
Гүл турмыста бина болған,
Көшесинде жүрдик бүгин.

Жер астында бир қаласы,
Ислеткен ақыл данасы,
Шадланар адам баласы,
Метроны көрдик бүгин.

Шадлыққа шадлық қосылып,
Жүреклери йош урып,
Москва пайтах шәҳәрди,

Әке, бала қылырып,
Аўылға келди бир күни.
Ислер етти үлгили,
Баҳадыр мәрт атанды,
Бахтияр халыққа белгили.
Бахтиярдың сүўретин,
Тутып мәртлик ҳүрметин,
Газета басып шығарды.
Сүўретиниң қасында,
Касенкасы басында,
Хорезмли пахтакеш,
Арыў гөззал қолаң шаш,
Жуманиязова Уғылжан,
Деген қыздың сүўрети,
Турған еди күлимлеп.
Соны көрип Бахтияр,
Жүреклери дирилдеп,
Ашық болды ғайбана.
Қыял келип сол ара,
Ис жүзинде жарыссам,
Усы қыз бенен таныссам,
Болар едим әрмансыз.
Қалермекен мени қыз.
Деген ойға кетеди,
Сондағы айтқан гәпи еди:

Хызметин көрген ҳайран қалғандай,
Еткен ислерине кеўлиң толғандай,
Өмирликке бир сәўер яр болғандай,
Мен жарыссам еди Уғылжан менен.

Уллы табысларға байладым белди,
Күн сайын бойыма ғайрат-күш енди.
Ҳадал мийнетимнен ағызып терди,
Бир сынассам еди қыз палўан менен.

Көпшиликке иси үлги болғансоң,
Ерлик ғайратына кеўлиң толғансоң,
Халық ушын табысқа жәўлан урғансоң,
Бир турмыста жүрсем Уғылжан менен.

Мәртлик хызметине болдым қарийдар,
Қолдан жибермеспен ҳасла намыс-ар,

Ашық болып сынаспақшы Бахтияр
Аты шыққан искер Уғылжан менен.

Қулласы жигит Бахтияр,
ғайбана ашық болады.
Қыздың ҳүсни, жамалы,
Жигитти бийҳуш қылады.
Мөлдир, қара көзлери,
Мысалы айдай жүзлери,
Сүўретиниң астындағы,
Баҳадырлық сөзлери,
Бахтиярды лал етти,
Ышқы ләззетке бөлетти.
Жалғыз дана сүўретин,
Сүйемен деген сөзлерин,
Жаза сала Бахтияр,
Совет почтасы арқалы,
Хорезм областындағы,
Кошкөпир районлағы,
Уғылжан қызға жоллады.
Баҳасы бар ма почтаның,
Еки күнге қалмады.
Хатты почта жеткерди,
Уғылжан қыздың қолына.
Хатты көрип Уғылжан.
Қызықсынып оқыды.
Асығып сөздиң соңына,
Мынадай екен мазмуны!

Сизбенен таныстым газет жүзинен,
Дослықты билермиз айтқан сөзинен,
Пешанаңда ойнақшыған көзиңнен,
Жамалыңды барып көрмесем болмас.

Күшлерим толысып жеткен шағымда,
Ашық болдым сизди көрген ўағымда,
Сайран етип мол табыслы бағыңда,
Шәмен гүллериңнен термесем болмас.

Ҳәммеге белгили Уғылжан атың,
Көзиме көринди ерлик-сыпатың,
Таныткан өзиңди иСте-ғайратың,
Мен сениң жолыңда жүрмесем болмас.

Бахтиярман ашық болдым ғайбана
Жибердим мен сүўретимди бир дана
Ерлик ислериңиз қылды пәрўана
Кеўил мақсетиңди билмесем болмас.

Хатты оқып болған соң,
Сүйсинди қыз Уғылжан.
Сүўретинде көрген соң,
Бахтиярдай жигиттиң,
Сүйемен деген сөзлери
Жүрегине киргенсоң.
Жигиттиң бул сүўретин,
Узақ-ўақ басты төсине,
Көринди ысық көзине.
Бахтиярдың хатына,
Ойланып жуўап иследи
Парасатлы Уғылжан,
Тилегиң екен сениң ҳәм,
Белгили жаслар екенбиз,
Бахтияр менде өзиңдей.
Ўәдең болса исиндей.
Турғаным жоқ түсинбей.
Биз түсейик жарысқа,
Қыз бенен жарысқаныңды,
Есапламаң намысқа.
Қосылыў мақсет тойларды,
Апармаспыз алысқа.
Шубҳа алма кеўилиңе,
Ушырасармыз табыста.
Жетемен менде сертиме,
Қолыңнан келсе қалыспа.
Деп Уғылжан жазады,
Ҳағлаған Совет почтасы,
Уғылжан жазған бул хатты,
Бахтиярға алып ушады:
Бахтиярдың қолына,
Қыздың хаты түседи.
Хаттағы мынаў сөз еди.

Мен колхоз қызыман ғайратым тасқан,
Бахытлы заманда абыройым асқан,
Халық ушын гүресип қушақты ашқан,
Баҳадыр ер болсаң сени сүйемен.

Ўатанда ислесең жигер-күш салып,
Ўазыйпалы хызметлерди атқарып,
Тақ турсаңыз ўәдеңизде шадланып,
Халық батыры искер болсаң сүйемен.

Батыр болсаң ўатан ушын туўылған,
Жарысларда бели беккем буўылған,
Ар-намыс деп өмириңше қуўынған,
Шын ғайраткер жигит болсаң сүйемен.

Қабыл алың айткан мәртлик сөзимди,
Көргендей боларсыз дийдар-жүзимди,
Мен жарысқа шақыраман өзиңди,
Озып шыққан шебер болсаң сүйемен.

Қыз Уғылжан айтар маржан себемен,
Ғайратымды ўатан ушын жегемен,
Маңлай терден қызыл гүллер егемен,
Бүлбил болып сайрай алсаң сүйемен.

Бахтиярдың қолына,
Усындай боп жазылған,
Қыздың хаты жетисти.
Ислер алға кетисти.
Бул жерде турсын бул сөзлер.
Ендиги сөзди халайық,
Гүлнигар қыздан алайық.
Нурқасым қызы Гүлнигар,
Көз докторлық оқыўын,
Ташкентте жақсы питкерип,
Төрт бес жылды өткерип,
Зор билимди ийелеп,
Нурқасымдай әкем деп,
Ҳүрлимандай анам деп,
Бахтиярдай ағам деп,
Мақсетим болды минекей,
Гүлнигарыңа қараң деп,
Минип ҳаўа суңқарға,
Туўған жерге түседи.
Жетиўге үйге асығып,
Көрип өскен жерлерин.
Қарыс кеўли өседи.
Гүлнигардың Ташкенттен,

Аман есен аўылға,
Киятырғанын сол жерде,
Ҳәммеден де бурынлаў,
Айша кемпир көреди.
Ол бийшара кемпирдин,
Көзлери аўырып жүр еди.
Бараткан еди докторға,
Айша кемпир ал енди,
Гүлнигарды көриўден,
Емлетейин көзимди,
Гүлнигардай қызыма.
Деген ойға кетеди,
Гулнигар көрип Айшаны,
Құшаклап сүйди баўырына,
Келдим мен деди аўылыма.

Сол ўақта Айша кемпир де,
Гүлнигардай жан кызым,
Өтинишим бар қызым
Алдында барып үйиңе,
Келинжан ҳәм қәйниме,
Келгениңди айтайын,
Сүйиншиңди алайын,
Деп сүрнигип жуўырып,
Жер танабын қуўырып,
Өкпеси тығып, буўлығып,
Ҳәй келинжан, ҳәй қәйним,
Қызың келди Ташкенттен,
Деп былайша сөз етти:

Сөзлериме қулақ салып,
Бармеди оннан хабарын,
Келип қалды Гүлнигарың,
Қәйним маған сүйинши бер.

Кийгенлери атлас, шайы,
Жайнап турған гүл шырайы,
Сөйлеген сөзи сыпайы,
Қызың келди сүйинши бер.

Сайрайды бәрҳа тил зибан,
Тыңлаған сөзди қәдирдан,
Көз айдын келин Ҳүрлиман,
Қызың келди сүйинши бер.

Қыз күндеги сениң парман,
Сезилип тур Гүлнигардан,
Сулыў өтпес деймен оннан,
Қызың келди сүйинши бер.

Көринди айдай жулдызың,
Тереңнен шыққан қундызың,
Жаслықтағы сениң өзиң,
Сулыў келди сүйинши бер.

Келтирди бизге хош хабар,
Жасырған қызым Гүлнигар,
Қолларында саўғасы бар,
Қызың келди сүйинши бер.

Көрдим Гүлнигар мүсинди,
Доктор боп келген қызымды,
Емлеткиземен көзимди,
Ықлас еттим сүйинши бер.

Көзлериме нурлар қуйса
Шыпалы пайдасы тийсе,
Мақсетине жетер Айша,
Қызым келди сүйинши бер.

Дегенинше болмады,
Гүлнигар да жетисти.
Баўырым деп Нурқасым,
Қуўанып төкти көз жасын.
Шырағым деп Ҳүрлиман,
Сүйди аўзынан, қолынан.
Қарындасым келиң деп,
Бахтияр жүр елпилдеп:
Солкәрада ҳәммеси,
Қушақласып сүйисти.
Шақалақлап күлисти.
Қуўаныштан киминиң,
Көз, баўыры жибисти.
Сүйиншиге Айшаға,
Ҳәрбири бир зат беристи.
Әйтеўир Айша кемпирди,
Ыразы қылып келисти.
Гүлнигар қызын қутлықлап,

Жан анасы Ҳүрлиман,
Бир сөз айтты бауырынан:

Жолыңа телмирип көп уақтан бери,
Жайнады көзимниң бүгин гәўҳары.
Туўысқан халықтың уллы шәҳәри,
Ташкент қаласында оқып келдиң бе?

Адамлар айтысар жәннет шәҳәр деп,
Қыста аяз болмас мисли бәҳәр деп,
Жемиси мазалы, суўы кәўсар деп,
Мақтаған елатта болып келдиң бе?

Бахтияр ағаңыз сыйлықлар алды,
Изиңизден нешше сапар хат салды,
Саўлық хабарыңды билип шадланды.
Тәжирийбели билим алып келдиң бе?

Перзент қуўанышы уллы дәўраным,
Кеўлимде қалмады мениң әрманым.
Көрсеткен анарым қуўат дәрманым,
Қызым оқып ғайрат салып келдиң бе?

Жақсы перзент болар елге мийрибан,
Гүлнигарым доктор қызым тәнде жан.
Қуўанышта болды анаң Ҳүрлиман,
Оқыўды питкерип қызым келдиң бе?

Қуўаныш пенен Гүлнигар,
Уллы Өзбекстанның,
Мийўалы бағы бостанның,
Меймандос адамларының,
Табыслы мәканларының,
Сөз етти сонда сыпатын:

Ўатанымыздың жүреги Москвадан өрнек алып,
Таңландырған дүнья жүзин жеңислериниң сазын шалып.
Гүллендирген турмысларын билим менен қуралланып,
Жерде поезд, көкте суңқар ушқан адамлар шадланып,
Бир көрсең ана Ташкетти кеўлиңде қалмас әрманлар.

Бина болған уллы шәҳәр гәўҳардай ҳасыл
таслары,
Бағы-бостан түрли жемис көкти гөзлер ағашлары,
Мийўаларын терип жеген ис пенен ғарры
жаслары
Халқымызға хызмет етер тәрбиялап врачлары,
Табылады нешше түрли қымбатлы дәри-дәрмақлар.

Жәўлан етип қыз жигитлер минут сайын алға
басып
Мәдения т хызметине қылған ислери минасып,
Хош мүлайым бир биреўге сөйлер мудам дүрлер
шашып
Мәрҳаматлы жазыўшылар бирлик пенен
ақылласып,
Әдебият дәрьясынан шығарған ҳасыл маржанлар.

Жер жүзиниң пайтахты Москвадан үлги алынған,
Қатар-қатар, бийик-бийик әжайып жайлар
салынған
Көрген адам бир айланар шәҳәри Ташкент
жамалынан
Ырғалып тур ақ алтынлар жағымлы ескен
самалынан,
Гүлнигар да сайран етип сүрген ишинде
дәўранлар,

Сөз есит Айша кемпирден,
Гүлнигардай қадирдан,
Қызы аўылға келгенсоң,
Алыстағы докторға,
Қатнап жүриў қос жақпай,
Гүлнигардың қасынан,
Айша кемпир шықпады.
Шырағым сөзге сал қулақ,
Көзим аўырып албырап,
Турыппан деп сөз айтты:

Оқып Ташкент қаласында,
Врач болып келген қызым.
Енди аўыл арасында,
Қуяш болып күлген қызым.

Кулақ салың бул сөзиме,
Ықлас бердим бир өзиңе,
Бир иллет болды көзиме,
Усылларын билсең қызым.

Уқыплысаң, зейниң илгир,
Зәрре бақыш нәрсе бул бир,
Көзди өз қаддине келтир,
Жөн-жосағын билсең қызым.

Тексерип көздиң қарасын,
Өзиңиз етиң шарасын,
Айшаның аўыр жарасын,
Болар еди билсең қызым.

Дүньяда көздиң теңи жоқ,
Қолымнан келер еми жоқ,
Айша шешеңниң шеңи жоқ,
Соны көрип жибер қызым.

Көз доктору Гүлнигар,
Асбапларын қолға алып,
Айша кемпирди жатқарып,
Көзлерине үңилди,
Кеўил қойып тигилди.
Көзиниң қарашығының,
Жийегинде бир қылаў,
Гүлнигарға көринди.
Үлкен абырой берилди,
Айша кемпир жазылды.
Стахановшы Бердимбет,
Ол да келип қаранды.
Көзлерине шыпа алды,
Гүлнигардың билими,
Ҳәммелерге билинди.
Гүлнигар Төрткүл қалаға,
Иске алынды бир күни.
Ислей берсин Гүлнигар,
Ендиги сөз Бахтияр,
Социалистлик жарыста,
Жигер салып жумыста,
Жүргенинде йошланып,
Почта келди хат алып,

Социалистлик өз ара,
Жарыс нәтийжелерин,
Тексериў бригадасы,
Хорезм областына
Бүгиннен баслап барады.
Нурқасымов Бахтияр,
Сен де бирге барасаң.
Деген хаттың мазмуны.
Бахтияр буған қуўанды.
Көретуғын болдым деп,
Уғылжандай жананды.
Машина келип сол ўақта,
Бахтиярды әкетти.
Қыялында Үғылжан,
Бахтияр йошып сөз етти:

Жүзин көрсек сәўер ярдың,
Кеўлин билсек нәўбәҳәрдиң.
Иси қандай карийдардың,
Дослар барып көрмек лазым.

Палы бар шийрин сөзинде,
Жуп қалы бар гүл жүзинде,
Бақшасы бар Хорезмде
Миййўасынан термек лазым.

Иске палўандур перийзат,
Жигерленсе ҳәдден зият,
Жарысқанлар қалса уят,
Ўәдесинде турмақ лазым.

Бахтиярға айдай қарап,
Жүргең шығар бизди сорап,
Дослық пенен берсе шарап,
Ишип дәўран сүрмек лазым.

Сол келисте Бахтияр,
Ургенчке келеди.
Жаўдыраған гүжимлер,
Алма, ерик, жүзимлер,
Түрли-түрли дарақлар,
Кеўлине йош береди.
Уғылжандай қызының,

Күлимлеген дийдары,
Көз алдында турады.
Асығып оны көргенше,
Тақат етип шыдамай,
Бахтияр айтты мынаны:

Жаңға ләззет жаз көриниси бақшалары гүл-гүл жайнар
Хорезмдур Жаңа Ургенч бина болған бәлент жайлар,
Рәўшан еткен шәҳәримизди электр сым гәўҳар айлар.
Яр жамалын көрсем дейип жүрек талўас етип ойнар,
Сағынышлы яр дийдарын тезден барып көргим келер.

Гүлленген ярдың бағына жәўлан етип кирсем бүгин,
Сайран етип бақшаларын, миййўасынан терсем бүгин,
Уллы-уллы табыслардың есапларын берсем бүгин,
Әрманым жоқдур дүньяда Уғылжанды көрсем бүгин,
Яр ўаслына жеткен ўақта гүўа болсын бахытлы ел.

Ашықлардың апқанына билмегенлер мәзи күлер,
Ҳеш кәр етпес өзгелерге машуқумның иши билер,
Муҳаббаттан бийхабарлар тағне етип бизди илер,
Жигер салып ис еткенде ғайратымнан табыс өнер,
Ўәде берип жүре алмаспан Уғылжаннан қалсам егер.

Билим керек кең даланы табыс кәни етпек ушын,
Турмыс керек мийман келсе тәрбиялап күтпек ушын,
Хызмет керек жигитлерге яр ўаслына жетпек ушын,
Ғайрат керек сынаўларда қатарынан өтпек ушын,
Жарысларда озып шықсам әрманым жоқ ҳасла егер.

Қарақалпақстаннан,
Келген Бахтиярларды,
Хорезм халқы қарсы алды.
Сол кәрада Бахтияр,
Стахановшы Уғылжан,
Жүрип пе деп аман саў,
Бир жигиттен сорады.
Таўсийпин айтты ол жигит:

Жигерли жас комсомолка, өсип шыққан кайта елден,
Ақылы зийрек, тәртипли қыз тажирийбели исти билген,
Колхозында өрнек берип алға түскен шеберлерден,
Ақ алтынның кәнен ашып мол өнимли ҳасыл жерден,
Гүл жайнаған табыслары тарийхларда дәстан болып.

Жүзи гүлдей ашылған ис жүзинде одан басы,
Тәжирийбе алған оның хызметинен ғарры, жасы,
Тәрийп етсем жумысларын Уғылжанның жоқ баҳасы,
Талма бойлы терең ойлы куп келискен пешанасы,
Полаттай иске шынығып киятырған жастан болып.

Қатарын иске шақырып жумысларға ғайрат салған,
Көп центнер ҳәр гектардан пахта байлық өним алған,
Жарысларда талўас етип табыс таўып қумарланған,
Билим менен қуралланып бәрҳа жеңис сазын шалған,
Гүллендирген турмысларын бакшалары бостан болып.

Ҳайран қалар көрген адам қыздың ҳүсни жамалына,
Жеңислерге жәўлан етип келген жанан кәмалына,
Ылайықлы ис көрсеткен еркин шадлы заманына
Көрген адам алғыс айтар исте батыр палўанына,
Қыйынлықты Уғылжан қыз жеңип жүрген үстем болып.

Кеўли толып бул сөзге,
Бахтияр кетти қуўанып.
Уғылжанның колхозының,
Кеңсесине киреди.
Мийнет күнин көреди.
Мийнет күни бул қыздың,
Үшжүз алпыс шерек екен.

Бахтиярдың озыўына,
Көп мийнет күн керек екен.
Буны көрип Бахтияр,
Уғылжанның ерлигин,
Тағы биреўден сорады.
Ол да айтты мынаны:

Колхозында өрнек болған ислери,
Мақтанғандай Уғылжанның күшлери,
Таң қалар хорезм пахтакешлери,
Ол қыз областың шебер маманы.

Иске шығар мудам сәҳәр шағында,
Көзиң тояр хызмет қылған ўағында,
Мийнет майданында тынбас бәрқулла,
Төрт есе арттырып күнлик норманы.

Жуп дана қалы бар айдай жүзинде,
Сулыўлықтың сән шырайы өзинде,
Шәкирт қызлары бар жүрген изинде,
Мойнына жарасқан ҳинжи маржаны.

Халыққа ўәде берип исин бежерди,
Уғылжанға ҳәмме адам исенди.
Гүреске шақырып ғайраткерлерди
Жарысты қыздырған мийнет палўаны.

Көрген ўақта таң қаларсаң гүл жүзин,
Айтарлықтай барып турған ол мүсин,
Айтып турман ҳәм табысын жумысын,
Мақтап турғаным жоқ мәзи порманы.

Бул сөзлерди еситип,
Ҳаллас урды Бахтияр.
Қайдасаң дер ишинен,
Уғылжандай бизиң яр.
Деп Бахтияр асығып,
Уғылжан ислеп атырған,
Жаққа қарап жүреди.
Бахтиярдың келгенин,
Уғылжан да еситип,
Жоллар бетке көз таслап,
Лашын кустай пәрўазлап,
Сүйсинип қарап тур еди.
Бахтиярды көриўден,
Ашық болған жигитиниң,
Өзи екенин биледи.
Әдеп икрам қылады,
Екеўи сәлем айтысып,
Ҳәзил жуўап урады.
Уғылжан:
Хош келдиң бүгин сәўер яр,
Танысыў сизге миясар,
Бул сынақтан сиз Бахтияр,
Озыңқырап кетсең керек.
Бахтияр:
Уғылжан пахта жеринде,
Нәтийже бар ислеринде,
Шағлап атыз ишлеринде,
Қаҳарманлық етсең керек.

Уғылжан:
Сейил етип бақша гүлимди,
Сайратып шийрин тилимди,
Тексерип мийнет күнимди,
Сен бул жерге жетсең керек.
Бахтияр:
Мол өнимли табысыннан,
Иске ғайрат салысыннан,
Бизиң менен жарысыннан,
Бул сапары өтсең керек.
Уғылжан:
Ийе болып абырайға,
Биз ярыңды алып ойға,
Таярланып уллы тойға,
Өзиңди көрсетсең керек.
Бахтияр:
Таныттың исиңди жанан,
Ўәде ықрар достым саған,
Бул максетти гүзге таман,
Ис жүзинде күтсең керек.

Уғылжан менен Бахтияр,
Сөз айтысып дәстияр,
Пахталықта сейил етип,
Бир биреўин сөйлетип,
Шақақласып күлисип,
Қадир-қымбатын билисип,
Қарақалпақ жигит, өзбек қыз,
Кеўиллерин берисип,
Мумиядай ерисип,
Аларман боп Бахтияр,
Уғылжан менен келисип,
Қайтып келди үйине.
Туўып өскен елине.
Колхозшы қыз жигитлер,
Уғылжаның қалай -деп,
Бахтиярдан сорады.
Кеўли тасып бул сөзге.
Уғылжанның пахтасын,
Көзим менен көрдим деп,
Жиберди бирден тәрийплеп:

Мийнет пенен ўатан дузын ақлаған,
Бәржай етип жумысларын тақлаған,
Ис басына барлық күшин топлаған,
Гүл жайнаған ғайраткердиң пахтасы.

Алды жаңа ашылыўға қараған,
Бир түбинен сексен-ғорек санаған,
Бес грам зат өнер ҳәрбир ханадан,
Ҳәўиж алған карийдардың пахтасы.

Мудам иси алға қадем урғандай,
Көрген азаматлар кеўлин бурғандай,
Еки есе толамыз деп турғандай,
Жаўқылдайды бизиң ярдың пахтасы.

Ис басында қызыл байрақ байланған,
Жарысты қыздырып ҳәмме сайланған,
Көрген адам хызметине таң қалған,
Хорезмде қыз палўанның пахтасы.

Бақшасында түрли жемис гүллер бар,
Пахталары қулпы дөнген лалазар,
Көргенлерин айтып турған Бахтияр,
Ўәде берген Уғылжанның пахтасы.

Паслы бәҳәр гүз болды,
Дийқанлар кәнге гез болды.
Көп жыйналды зүрәәт,
Қырманға болды берекет.
Ленин колхозы сол жылы,
Толып өтти еки ирет.
Жер сүриўге каралды,
Нурқасым улы Бахтияр,
Беккем тутты рульди.
Күндиз-түни тынбастан,
Тракторын айдады.
Болды мақсет ойлары.
Бирнеше тракторшының,
Жумысларын Бахтияр,
Жалғыз өзи-ақ пайлады,
Үнемленди майлары.
Бахтиярдың хызметте,
Болмады теңи-тайлары.

Колхоз баслық Ерполат,
Бахтиярға ырза боп,
Алғысын былай айтады:

Трактор айдадың билек серменип,
Колхоз жерин гүллендирген Бахтияр.
Трактор жумысын жақсы үлгерип,
Лебизине пал ендирген Бахтияр.

Жигерленип табысқа бел байладың,
Нәтийжесин билип түрли пайданың,
Техниканың тилин тауып айдадың,
Атыз ишин кенелдирген Бахтияр,

Маңлайды терлеттиң жарыс жолында,
Ар-намысты берик усладың қолыңда,
Тракторшылардан биринши орында.
Жумысларға пәт ендирген Бахтияр,

Буннан да исиңе ғайрат саларсаң,
Мийнеттиң палларын ишип қанарсаң,
Хорезмли Уғылжанды аларсаң,
Сүйген қызың исендирген Бахтияр.

Халық ушын ислеген жигитке мурат.
Алғыс айтар сизге бахытлы елат,
Хызметиңди көрип турған Ерполат,
Өсип кәмалына келген Бахтияр.

Бахтиярдың ерлигин,
Баҳалады ҳүкимет.
Ҳүрмет белгиси орден менен,
Наградлады ҳүкимет.
Қуўанышлы Бахтияр,
Отыр еди кеңседе.
Сыңғырлады телефон,
Трубканы қолға алып,
Алло деди Бахтияр.
Қоңыраўдай жағымлы,
Сыңғырлаған сес келди.
Қутлы болсын Бахтияр:
Орденин деген сөз келди.
Хорезм областындағы,

Уғылжанман мен деди
Орденлерди алыўға,
Барамыз Ташкент қалаға.
Ушырасамыз Ташкентте,
Ўәдеңде тур бола ма?
Деди де қыз Уғылжан.
Трубканы таслады.
Қуўанғаннан Бахтияр,
Қутлы болсын сениң де
Орлениң деп айтыўға
Умытып та қалыпты
Қуўаныш үстине қуўаныш,
Жигиттиң өзин алыпты,
Шын муҳаббат сезими,
Жүрегин кустай талпынтты,
Наградланған орденин,
Ташкенттен алып келиўге,
Жигитти бир күн шақырды.
Сол ўақлары Бахтияр,
Шақырған екен бараман.
Орденимди аламан,
Уғылжан қызды көремен,
Ой баўырын таўып жананның,
Мени сүйгени шын болса,
Усы ирет алып келемен деп,
Көп досларға Бахтияр
Муддаҳасын бир айтты:
Кеўилимизде калмас әрман,
Ерлик иске етип пәрман,
Дослар алғыс айттың маған,
Орденińди тағып кел деп.

Жеңислерге байладым бел,
Ырза болсын бахытлы ел,
Бизди күткен қыз-жигитлер,
Соған ғайрат салып кел деп.

Муҳаббат коймады бизди,
Аңсарман Уғылжан қызды,
Сүйгенлигин кеўлим сезди,
Айтты Ташкент жаққа кел деп.

Үлгили ислеймен бәрҳа,
Шыдамайман намыс-арға,

Жетеғойсам Уғылжанға
Көрсетемен уллы ҳүрмет,

Нәтийжели хызметлерим,
Келер елге гөззал келин,
Дослар маған урықсат бериң,
Уғылжанды алып кел деп.

Бул сөзден кейин Бахтияр,
Орден алып келиўге,
Раўана болды Ташкентке,
Қалада ислеп атырған,
Гүлнигар қарындасын да,
Көрип өтти жөнекей.
Әкелемен қарағым,
Уғылжандай жеңгеңди.
Деген шадлық хабарды,
Буны еситип Гүлнигар,
Отпуска алып жумыстан,
Тезден қайтты үйине.
Нурқасым менен Ҳүрлиман,
Жүр еди жүдә шадыман.
Берип өтти жөнекей.
Буны көрип Гүлнигар,
Сүйсинип кетти жүректен.
Хорезмниң гөззалы.
Уғылжан атлы келиниңиз,
Қутлы болсын әкежан,
Көз айдын болсын анажан,
Дейди ҳадал нийеттен:

Бахтиярдай ағам менен жарысқан,
Ўәдесин берик услап ғайрат салысқан,
Теңдей болып исти алып барысқан,
Қутлы болсын Уғылжандай жеңгемиз.

Ашық болып дийдарға ҳеш тоймаған,
Екеўиде абыройын көп ойлаған,
Келиниң келиўге өзин сайлаған,
Уллы тойда хызмет қылар жеңгемиз.

Жолың болды ата-ана меҳрибан,
Келмекшиғой бизиң елге Уғылжан

Жақсы көрип көп сағынып турыппан,
Үйдиң сәни жарасығы жеңгемиз.

Ташкент қаласына кетти Бахтияр,
Деди онда сүйген қарийдарым бар,
Еситкени айтып турған Гүлнигар,
Қутлы болсын ис палўаны жеңгемиз.

Көз айдын қутлы болсынды,
Гүлнигар айтты ертеден.
Қуўаныш ис недеген.
Той әнжамы басланып,
Тойда хызмет етиўге,
Адамлар келди көплеген.
Ўақты хош боп Гүлнигар,
Бир сөз айтты сол заман:

Ҳәмме шерикпиз абройға,
Адам кирер барлық жайға,
Танысы көп Бахтиярдың,
Қушақ ашып келер тойға.

Хорезмнен сый қонақлар,
Келетуғын орынын бер,
Айрықша күтиң соларды,
Шад болсын халқым досты-яр.

Түрли аўқат таярлансын,
Помидор ҳәм қыяр болсын,
Пиво, шараплар ишилип,
Тойшылардың мийри қансын.

Пахта план омынланды,
Алып келер қыз палўанды,
Хызмет етиң қыз-жигитлер,
Шадландырың ата-анамды.

Ендиги сөз Бахтиярдан,
Ол жетип Ташкент қалаға,
Уғылжан қызға табысты.
Иззетлеп қоллар алысты.
Жолдас Ахунбабаевтың,
Қолынан орден тағысты.

Көкиреклери жарқырап,
Муддаҳасы болысты.
Тилеклерин екеўи,
Жуўап дәшнам сөз бенен,
Бир еки аўыз айтысты.
Бахтияр:
Сағынып көрген ашықлар.
Машуқларын көрген жақсы.
Уғылжан:
Не шығады көрген менен,
Заўқы-сапа сүрген жақсы.
Бахтияр:
Жаслар жетип мақсетине,
Ойнап күлип жүрген жақсы,
Уғылжан:
Не шығады жүрген менен
Бир семья қурған жақсы.
Бахтияр:
Гөзлеп истиң ҳақыйқатың,
Достың кеўлин билген жақсы.
Уғылжан:
Қызық емес қуры билген,
Баўырына кирген жақсы.
Бул сөзден кейин Уғылжан,
Үйге мирәт етемен,
Сени алып кетемен,
Хорезмли мәртлердиң,
Сыйларын көресең деп,
Бахтиярды әкетти,
Апарып өз аўылына,
Сый-ҳүрметке бөлетти.
Шақырып қыз-жигитти,
Сазы-сәўбет той етти.
Уғылжан қыздың оғада
Жақсы екен ата-анасы.
Қызына екен баўырман,
Айнанайын Уғылжан,
Бахтияр екен қатарың,
Бизден урықсат барағой,
Деп урықсат береди,
Күйеўи Бахтиярды да.
Уғылжандай көреди.
Солманда колхоз баслығы,

Абройлы адам бар екен.
Уғылжанның әкесин.
Уғылжанның анасын,
Огада дурыс еттиң деп,
Идералды перзентиң,
Уғылжандай қызыңның,
Мақсетине жеттиң деп,
Жасы үлкенлик мәсләҳәт
Тәселлесин береди.
Бахтиярдай күйеўим,
Уғылжандай мәрт қызым,
Ҳақ жол болсын сизлерге,
Деп айтады сөзлерин:
Ўатан ушын хызмет етип,
Гөзлеген мұратқа жетип,
Жарыслардан шалқып өтип,
Алға қарай өсиң жаслар.

Шырайланып қызыл гүлдей,
Сарғайған гөя бүлбилдей,
Жарыстан өтип иркилмей,
Көп алдына түсиң жаслар.

Бирлик пенен басып алға,
Даңқынды көтерип бәрҳа,
Ҳеш ўақытта ҳарып-талма.
Үлги болсын исиң жаслар.

Ислерге жигер салысып,
Табысларға шадланысып,
Мийнеттиң көзин таныспп,
Табысқа жол ашың жаслар.

Керек иске баҳа бермек,
Барлық ўақта болып өрнек,
Жақсы турмыс дүзиў ҳүрмет
Дәрья киби йошың жаслар.

Уғылжанның ата-анасы,
Жуманияз, Бағдагүл,
Муңаймады ҳасла бир
Бахтияр да бир балам,
Қызым менен тең балам

Нурқасым Ҳүрлиманларға,
Бизлерден сәлем мың балам.
Шырақларым сау болың,
Мәртебели тау болың,
Биздей ата-ананы,
Зияратлап турыңлар.
Хорезмде бир елиң,
Сәйир етип Қарақалпақстаннан,
Нурқасым, Ҳүрлиманларды.
Қудаша Гүлнигарларды,
Өзлериң менен әкелиң.
Қатнасайық тзнысып,
Бир-биреуге барысып,
Усы мениң тилегим,
Ақ көкирек журегим.
Деп урықсат береди,
Муддаҳа да сол еди,
Қурбы-курдас досларын,
Бизиң тойға журиң деп,
Қарақалпақ елиниң,
Иззетлерин көриң деп,
Бирге ертип шығады.
Бир машина адам боп,
Уғылжан менен Бахтияр,
Жетип мақсет-муратқа,
Үйлерине келеди.
Буны Айша көреди.

Күлимлеген досты-яр
Келинли еткен Бахтияр.
Халықтың ески дәстүри бар
Қыз алып келген уағында.
Жүзине ақ салайық.
Тамашалар қылайық,
Келинимизди сынайық,
Жыйналған көптиң барында,
Деп Айша сөз айтады:
Буны сезип Ерполат,
Хорезм деген уллы елат,
Қызын берип жиберди,
Уғылжандай атақлы,
Жулдызын берип жиберди.
Ески әдетти қояйық.

Ҳүрмет етип келинди,
Гүлнигаржанды тап қандай,
Сыйлайтуғын болсақ биз
Сондай етип сыйлайық,
Қасындағы досларын,
Азада жайға қояйық.
Жаңа тәртип миясар,
Мәртебели бул жаслар,
Ески дәстүр неге дәркар,
Советтиң жаңа заманында.
Пайдалы иске көшейик,
Айша кемпир оннанша,
Тойхананың тағамын,
Жақсылап жеп ишейик.
Деди сонда Ерполат,
Басланды той салтанат,
Бахтыярдың тойына
Ғайраткерлер көп келди.
Жәмленисип шоқ келди.
Мәртлер менен ерисип,
Келипти жалқаў Сәтбай да.
Қарады ҳәмме Сәтбайға.
Жалқаў жора ҳарма деп
Стахановшы Сәлийманы,
Алатуғын ойың бар ма деп.
Сәтбай сонда уялып,
Жалқаўлықты жояман.
Ҳаярлықты қояман,
Жарыста озып кәйтсем де
Сәлийманы аламан.
Деген ўақта Сәлийма,
Жарысыў уллы ўазыйпа,
Сәтбайға былай айтты гәп:
Бахтиярдай, Бердимбеттей,
Жигер салып ғайрат етпей,
Ўәде берип ис көрсетпей,
Қылма өзиңди ҳайран Сәтбай.

Көпшиликте ўәде алып,
Әл ҳаўаға нәзер салып
Жарысыңнан кейин қалып,
Турсаң уят ойлан Сәтбай.

Гиябентсең шайға қанбас,
Ҳешким сөзиңе инанбас,
Сәлиймаға салдың жамбас,
Палўан болдың қайдан Сәтбай.

Ер болсаңыз исти жеңген,
Хызметинен нәтийже өнген.
Өз абройын жерге көмген,
Жалқаўдан қаш пайдаң Сәтбай.
Сәлийма қыз айтар сөзин,
Мәртлигиңди көрсин көзим,
Алға түссең ярың өзим,
Той бериўге сайлан Сәтбай.

Сәтбай тыңлап бул сөзди,
Қояман көкнар нәшемди.
Бердимбеттей ис қылып,
Бахтиярдай йош қылып,
Көрсетемен күшимди.
Стахановшы Сәлийма,
Сөзиңде тур өзиң де.
Пәжмүрде көрме бизлерди,
Деп сол жерде арланып,
Айтты Сәтбай сөзлерди.

Өлимнен күшли екен намыс билгенге,
Арым келди дәлкек етип күлгенге,
Рахмет болсын истен қайтпай жүргенге,
Шынжүректен жумыс қылмағым дәркар.

Жақсылық әндийше кирди зейниме,
Пүшайман әйледим өткен пейлиме,
Табыс пенен жетип мудам дейдиме,
Мәртлер менен ойнап күлмегим дәркар.

Алдым жүзден жалқаўлықтың пердесин,
Минут сайын исим алға өрлесин,
Жалқаўдың дийдарын көзим көрмесин,
Қарыў ҳүжданымды салмағым дәркар.

Хызметте жүремен батыр ер болып,
Даңқымды көтерип ғайраткер болып,
Мақтансам да нәтийжеде зор болып,
Исте жақсы атты алмағым дәркар.

Ҳәмме оны кутлыклап,
Төрге өткерди қолтыклап.
Отырыс болды кеўилли
Тойға келген мийманлар,
Ҳәр миллеттен бар еди.
Шар тәрептен келискен,
Бахтиярдың тойында,
Ҳешкандай жок зериккен.
Ҳәр қайсысы тост айтты,
Уғылжан, Бахтиярларды,
Нуркасым, Ҳүрлиманларды,
Белдимурат, Гүлнигарларды,
Тостларында қоса айтты.
Кеўли питип бул тойға
Мийманлардың биреўи,
Кутлықлады сол бойда.

Ҳүрмет пенен хызмет қылған туўысқан.
Нурқасым ағамыз, женге Ҳүрлиман,
Кутлы болсын келиниңиз Уғылжан,
Ҳәммеге қуўаныш берди мерекең.

Еткен хызметлериң кеўилге жақты.
Келген мийманлардың хош болды ўақты,
Мийнеттиң паллары дәрьядай ақты,
Дослар мақтағандай болды мерекең.

Келди мийманларың тойға шақырған,
Бахтиярлар ўәдесинен табылған,
Ортаға үйилиип түрли жемис, нан,
Қыялдан да артық турды мерекең.

Той сәўбетли тарқады,
Уғылжан менен бир келген.
Мийман жаслар сыпайы,
Урықсатларын сорады.
Айша кемпир сол жерде,
Ҳәммелердиң атынан
Бир сөз айтып турыпты.

Барсаңызлар Хорезмге,
Нуркасымнан сәлем болсын.
Тез-тез келиң бизиң елге,
Бәрҳа жақсы кәдем болсын.

Сәлемнама бардур және,
Қыз тойы да бардур еле,
Уғылжанға қәйин ене,
Ҳүрлиманнан сәлем болсын.

Ақ қалпақ кийген басына,
Досларын жыйған қасына,
Қатар-қурбы қурдасына,
Гүлнигардан сәлем болсын.

Айтарлық ис толып атыр,
Қылған иси жүзге татыр,
Ақылы зийрек, иске батыр,
Бахтиярдан сәлем болсын.

Мийманларға жаным пида,
Айтсам сөзим болмас ада,
Хызмет еткен тойханада,
Айшадан да сәлем болсын.

Бул сөзине Айшаның,
Мийманлар шад болады.
Уғылжан, Бахтиярларға,
Хош болсынлар айтады:

Бир-бириңе иззет әйлеп,
Сыйласықлы жақсы сөйлеп,
Жүреклерди шадлық бийлеп,
Халыққа хызмет қылабериң.

Ис жүзинде қарыў салып,
Туўған елден алғыс алып,
Жеңислерге мийриң қанып.
Исти ҳаллас урабериң.

Мақсетиңе жеткен шағың,
Кәмалыңа келген ўағын,
Сайран етип бахыт бағын,
Қызыл гүллер теребериң.

Маңлайдан төгип териңди,
Лалазар етип жериңди,
Табысқа бөлеп елиңди,
Иске ғайрат сала бериң.

Басымызда еркин заман,
Узақ өмир болғыл аман,
Бахтияр менен Уғылжан,
Ойнап-күлип қалабериң.

Мәс болысып мийманлар,
Хорезмге жөнеди.
Бир мезгилде жетеди.
Бахтияр, Уғылжанлардың,
Жақсы болған тойларын,
Уғылжанның үйине,
Пәкизе баян етеди.
Қызының шад боп жүргенин,
Қарақалпақ халқының,
Уллы ҳүрмет қылғанын,
Азадалап күткенин,
Әлпеш, зийнет еткенин,
Тойдан келген жигитлер,
Былайынша тәрийиплер:

Тойхананың жолларында,
Хош ҳаўазлар сайрап турды.
Қыз-жигиттиң қолларында,
Қызыл гүллер жайнап турды.

Қосылған жаслар сайма-сай,
Ҳәр ислерин еткен бәржай,
Мийманларға жапты сарпай,
Хош келдиң деп сыйлап турды.

Тойда болды жақсы тәртип,
Қызықтырды халықты ертип,
Музыкантлар сазын шертип,
Артисткалар ойнап турды.

Туўысқанлар күтип жақсы,
Мерекениң келип нақшы,
Дәстан айтып жыраў-бақсы,
Ким сүйгенин тыңлап турды.

Гүлнигар да хызмет қылған
Бахтияр менен Уғылжан,
Нуркасым ҳәмде Ҳүрлиман.
Тойханада шағлап турды.

Қарақалпақ халқының,
Миймаи дослық зийнетин,
Хорезмли қонақлар,
Дәстан етти тиллерде,
Еситилди елден еллерге.
Бахтияр менен Уғылжан,
Бир-бирине үзип жан,
Палдан татыў бас қосып,
Қушақласып төс қосып,
Хожалықта күш қосып,
Сыйлап ата анасын,
Иззет етти әлҳасыл.
Уғылжанның үйине де,
Барып турды айсайын.
Олардың да жағдайын,
Билип турды ҳәрдайым.
Татыўлыққа жетер не,
Баўырманлық ислерден,
Бул дүньяда өтер не?
Уғылжан менен Бахтияр,
Қосылып тапты ҳәўесин.
Өз жериндей боп кетти,
Еки жастың көзине.
Қарақалпақстан —Хорезм.

Әлқысса сөз ендиги,
Елимиздиң тәғдири.
Гитлершил фашист жаўызлар,
Жырткыш қанлы аўызлар,
Қызғанып совет халқының.
Бахытқа толы шадлығын.
Жоқ қылыўды планлар,
Жер етиўди қумарлап,
Басқыншылық әйледи,
Қасқыр қылық әйледи.
Басып алған журтларды,
Отқа тутып партлады.
Нәресте ме ғарры ма,
Қарамады парқына.
Дарларға асып таслады,
Орларға көме баслады.
Тосыннан кирип келгенсоң,
Мийримсиз ҳайўан фашистлер,

Көрсетти бизге көп күшлер.
Сонда да бизиң ҳүкимет,
Албырамады, сасбады.
Ленинлик ақыл ой менен,
Халықларын алға нусқады.
Көп жигитлер елаттан,
Армияға алынды.
Қәўип туўғансоң Ўатанға,
Ўазийпаға барылды.
Қаўиптиң булты түнерип,
Қабағы төмен салынды.
Қайғылы ата-аналар,
Ак сүт берген перзентин,
Көрсетип ҳүрмет иззетин,
Ғажжа-ғаж саўаш фронтка,
Қала берди узатып,
Трактор айдап Бахтияр,
Ғайратын жумсап дәстияр,
Ис-басында жүр еди.
Қасындағы褐 дослары,
Бердимбет, Ҳәбийбуллаға
Тракторшы Нурманға,
Повестка әкеп береди.
Маған неге повестка,
Бермеди деп Бахтияр,
Ерполатқа келеди.
Лийкини оның бар еди.
Трактор исин бежерип,
Нешше адамның жумысын,
Жалғыз өзи үлгерип,
Жүргенненсоң Бахтияр,
Жибериўге фронтқа,
Ерполаттай баслықтың,
Көзлери қыймай тур еди.
Бахтиярдың орнына,
Басқа жигитти жиберип,
Бахтиярға сездирмей,
Усы ўаққа шекем келип еди.
Буны сезип Бахтияр,
Ханасына сыймады.
Дослардан жаным кем бе деп,
Ҳәмме саўашқа кеткенде,
Аўылда жүретуғын мен бе деп,

Ерполатқа өкпелеп,
Уллы саўаш майданға,
Кетиўге бел байлады.
Мени ал деп военкоматқа,
Арзасын берип сорайды.
Арзасы мақулланғансоң,
Хәбийбулла, Бердимбет,
Нурманлар менен Бахтияр,
Кетпекши болды сол жерде.
Бахтияр ата-анасын,
Баўырына басып аймалап.
Рухсат сорап олардан,
Уғылжан келиншегине,
Мақсетин баян қылады.
Ақылы зийрек Уғылжан,
Жуўап берип турады.
Бағларда шәменлер тердим дәстелеп,
Қолымыздан жибермедик намыс ар,
Фронтқа жоллады мени йош жүрек,
Тыңласаңыз сөзлерим бар сәўер яр.
Уғылжан:
Колхоз бақшасында гүлдей жайнадың.
Шад турмыста еркин күлип ойнадың,
Мәртлик пенен не қыяллар ойладың.
Мен де сезип турман соны Бахтияр.
Бахтияр:
Жарысларда озып шыққан перийзат,
Шақырыў хат қағаз алдым ҳақыйқат,
Халық ушын гүреске таяр азамат,
Ўатанды қорғаўға ҳақ сапарым бар.
Ўғылжан:
Ерлик хабарыңды баян ет маған,
Барлық мақсетиңди аян ет маған,
Жаўды қырып қайтсаң ырзаман саған,
Душпанларды тез жеңип кел Бахтияр.
Бахтияр:
Урынған душпанға ҳүжим етемен,
Кеўил мақсетине бәрҳа жетемен,
Халқым ушын мен гүреске кетемен,
Батыр палўаныңа жуўап бер дилбар.
Уғылжан:
Гүреслерде жол басшыңыз данышпан,
Мәртлик пенен барып келгейсең аман,

Жеңисиңди күтип турар Уғылжан,
Жуўап бердим жолың болсын Бахтияр.

Ҳүрлиман менен Нурқасым.
Көрип улының ықласын,
Аманлық болғай жолдасың,
Саламат барып, саў кел деп
Айтты нәсият саўғасын.

Мәрт болыңлар Ўатан сүйген,
Ғайратлар көрсетип келиң,
Шәртин бузып бизге тийген,
Жаўды жексен етип келиң.

Перзентлерим болсын жолың,
Ер жүрекли герой болың,
Душпанлардың байлап қолын,
Маңлайынан шертип келиң.

Туўып өсирген елатың,
Душпаннан қайтпас қуўатың,
Бул тапсырған аманатым,
Залымларды қуртып келиң.

Қаҳарманлық күш көрсетип,
Ислерди алға өрлетип,
Жеңис туўын желбиретип,
Той сәренжәм тутып келиң.

Нурқасым дер фронт ушын,
Иске жигер барлық күшиң,
Жаўдан алып халықтың өшин,
Бизден алғыс күтип келиң.

Ҳәбийбулла, Бердимбет,
Нурман менен Бахтияр,
Армияға алынған
Жигитлер менен бир қатар,
Пароходлы кетиўге,
Келип еди жағысқа.
Ушырасты жағыста
Уғылжанның ата-анасы,
Жуманияз бенен Бағдагүл,

Бахтиярын көриўге,
Келип турған екенлер.
Келетуғынын Нурқасымлардың,
Билип турған екенлер.
Барлығы қойдай жамырап,
Қара көзлери жаўдырап,
Сәт тилеп Бахтиярларға,
Қолларын былғап турады.
Сол ўақтында Бахтияр,
Айтты оларға мынаны:

Гүлленген турмыста жасаған ерлер,
Саўаш майданында ғайрат салмақшы,
Әлемге жайнатып жеңистиң туўын.
Батырларың душпаннан өш алмақшы,

Бизиң ўатан ҳеш урысты сүймейди,
Тиймегенге өзи барып тиймейди,
Урынған залымға басын иймейди,
Қанхор фашистлерди қырғын қылмақшы,

Таўдан қайтпас белде қуўат күшлер бар,
Алдымызда жаўынгерлик ислер бар,
Берген шәртин мәрт улларың орынлар,
Ерлик пенен исте батыр болмақшы.

Биз ўатанның батыр сүйген әўлады,
Танк айдап таўда болса жығады,
Қаҳарман боп дийдиңизден шығады,
Жаўыз душпанлардың жанын алмақшы.

Жанажанлар ақ алтынлар еккейсиз,
Фронт ушын барлық күшти жеккейсиз,
Бизлер менен мақсетлерге жеткейсиз,
Бахтиярлар қаҳарманлық қылмақшы.

Жөнеп кетти пароход,
Шалқар суўды қақ жарып.
Қала берди қол былғап
Хош айтысып көп халық
Нурқасым менен Ҳүрлиман,
Жуманияз бенен Бағдагүл,
Гүлнигар менен Уғылжан,

Узатып Бахтиярларды,
Қайта берди аўылына.
Ҳәр биримиз ислейик деп,
Он адамның орнына.
Әмиўдәрья толқысып,
Пароходты теңселтер.
Бахтиярлар баратыр,
Изинде қалып өскен жер.
Шийрин суўлы Әмиўге
Бир сөз айтты Бахтияр:

Әмиўдәрья айдыныңнан,
Байлық бердиң нешше мың аң,
Жеңимпаз халқың жанажан,
Сеннен табыс өндиреди.

Мәкан жайлаўың бойында,
Уллы мақсетим ойымда,
Мәртлер саўашлы майданда,
Жаўдың отын сөндиреди.

Жүз әлўан жемислер пискен,
Жерлериңе кеўлим өскен,
Жаўынгерлер суўыңды ишкен,
Бойға қуўат ендиреди.

Хабар берип зор ислерден,
Бириккен ғайрат-күшлерден,
Есабы жоқ жеңислерден,
Маған сезим билдиреди.

Жерге шырай берген суўын
Көкке жағар алғын пуўын
Хош бол дәрьям, жеңис туўын,
Батырларың келтиреди.

Үйренип гүрес тәртибин,
Бос өткермей ҳәр күнин,
Ҳәбийбулла, Бердимбет,
Нурманлар менен Бахтияр,
Көп таярлық көреди.
Ҳәбийбулла, Бердимбет,
Қолына тутып автомат,

Пехотаға өтеди.
Нурман менен Бахтияр,
Кәдимги еки тракторшы,
Танкистликке кетеди.
Өзиниң сол тилеги,
Мақсетине жетеди.
Бахтиярдай батырдың,
Жүрегин кек бийлейди.
Танкиниң тутып рулин,
Жаўынгерлик әйлейди.
Бахтиярдың қасында,
Танкисиниң ишинде,
Үш, төрт жолдаслар менен,
Командири бар еди.
Сол қарада командир,
Алға деп буйрық береди.
Ләрзем алған жер ҳәм көк,
Гүрилдеген самолет,
Шатырлаған пулемет,
Арсылдаған автомат,
Гүрсилдеген бомбаның,
Үрейинен қорықпай,
Ер жүрекли Бахтияр,
Командирдиң силтеген,
Жерине октай дүп-дүзиў,
Апара берди танкасын.
Пашырлатып басып фашистти,
Мыклап жасап тәмбисин,
Курбанлар етти пешшесин.
Наградланып Бахтияр,
Жарқыратып көксине,
Даңқ орденин тағады.
Даңқ орденин таққан күн,
Аўылына хатлар жазады.
Еситип саўлық хабарын,
Нурқасым ҳәм Ҳүрлиман,
Келин бала Уғылжан,
Қуўанысып қалады.
Ендиги сөз Гүлнигардан.
Фронтқа кеткен мәртлерге,
Барыўға болып ол қумар,
Өз тилеги бойынша,
Фронтта доктор болыўға,

Ҳадал хызмет кылыўға,
Жолдаслар менен жол тартты.
Жарадар болған саўашта,
Мәртлер көзине елеслеп,
Жәрдемлесиў нийетинде;
Бир сөз айтты Гүлнигар:

Батыр болар уллы ўатан қорғаўдан,
Мәртлер өшин алар мийримсиз жаўдан,
Бахтиярым қайтпас дус келсе таўдан,
Танк айдағанын көргим келеди.

Ҳәбийбулла, Бердимбеттей азамат,
Жаўын қырған қолға алып автомат,
Батырларға болсам деймен қол-қанат,
Олар менен дәўран сүргим келеди.

Халықтың ислерине кеўил бөлгенниң,
Ўатан ушын қыйынлыққа көнгенниң,
Ислеринен бир нәтийже өнгениң,
Хызметине көмек бергим келеди.

Қан саўашта мәкан қылған даладан,
Азап шеккен оқлар салған жарадан,
Мәрт болып туўылған Ўатан—анадан,
Батырларға ҳүрмет қылғым келеди.

Жүрекке ҳүжданым ерлик намыс бар,
Саўашта қаҳарман ағам Бахтияр,
Мәртлик хызметлерин көрип Гүлнигар,
Жеңистиң сазларын шалғым келеди.

Гүлнигар келип фронтқа,
Жетип мақсет-мурадқа.
Госпиталда ислейди,
Солдатларды емлейди.
Күнлердиң бир күнинде,
Бахтиярдың жорасы,
Автоматчик Бердимбет,
Жаралы болып саўашта,
Госпиталға түседи.
Жараның аўыр зарпынан,
Сандырақлап сөйлейди,
Сөйлегенде бүйдейди:

Сағындым сени Гүлнигар,
Саған болдым интизар,
Деген сөзди көп айтып,
Не екенин билмейди.
Оны емлеўши рус қыз,
Гүлнигар деген сөзлердин,
Не мәнисин билмейди.
Гүлнигар деген бир сөзди,
Түсиндирип бериўге,
Қалай адам излейди.
Нурқасымова бери кел,
Қалай жигитти көрип кет.
Гүлнигар деген бир сөзди,
Түсиндирип берип кет.
Деп рус қыз шақырар.
Гүлнигар келип қараса,
Бердимбеттин өзи екен.
Өзиниң сүйген жигити,
Арзыў-әрман үмити,
Қыйын аўҳал гезде де
Гүлнигардың атларын,
Ядларынан түсирмей,
Жүрип айтқан сөзи екен.
Солкәрада Гүлнигар,
Гүлнигар деген бир сөздиң,
Мәнисин рус қызларға,
Түсиндирип жақсылап,
Аўдармалап береди.
Олар бундай ўақыяға,
Қуўанысып күледи,
Ертеңине таң ата,
Есин жыйнап азырақ,
Бердимбет өзин сезеди.
Гүлнигардай ашығын,
Көргенинде тосаттан,
Жүреклери, жарылып
Кете жазлап қалады.
Гүлнигар қыздың жүзинен.
Сүйип-сүйип алады.
Гүлнигар бир сөз айтады:

Ҳармасынлар айтамыз сәлем сизге Бердимбет,
Бахтымызға бол аман халқымыздан көп ҳүрмет.

Туўылған соң анадан еттиң ўатанға хызмет,
Врачларда жанажан мәртлерге қылған иззет,
Қорқпа аўыр жарадан саўлығыңды тилеймиз.

Душпаннан арын алады гүресшең батыр жаўынгер
Саўашта герой болады халқымызға қәўендер,
Гитлерге ўайран салады тәхникалы шеберлер,
Байлығы мол табыслы ўатаным мәңги гүлленер,
Қорқпа аўыр жарадан саўлығыңды тилеймиз.

Ҳүрметли ис ўатанға қаҳарманлық көрсетпек,
Жеңис туўын бәрҳама алға қарай өрлетпе
Фронтта да елде де мол табыслар дөретпек,
Бир турмыста болыўға тилеклес мендей жас жүрек
Халқымның батыр улысаң саўлығыңды тилеймиз..

Бул сөзден кейин Бердимбет,
Сом жүреги шәўкилдеп,
Сорады ата анасын,
Жарысқан Сәтбай жорасын.
Ерполат, Нурқасымларды.
Ҳүрлиман, Уғылжанларды,
Жуманияз, Бағдагүллерди.
Аман деп бәрин Гүлнигар
Берди оған хош хабар:

Ендиги сөз аўылдан.
Ғайрат етип Уғылжан,
Пидәкерлик иследи.
Толып тасып күшлери,
Бахтиярға хат салып,
Колхозда мәртлик ат салып,
Сәлийма менен Сәтбайдың,
Жарысларын қолға алып,
Ҳармай ислей бериң деп,
Айтқан сөзи еди бул:

Ақ алтын боп пискен гүмис ғорегин,
Нормадан арттырмақ болсын тилегиң,
Шағырайып ашылған пахта ишинде
Табыслы ойнасын мықлы билегин,

Мәртлик пенен орынлаңыз гидирмей,
Даңқың шықпас иске ғайрат сиңирмей,

Көп кеўил бөлиңиз ҳасыл пахтаға,
Териң бир ханасын жерге түсирмей.

Жеңисин тезлетер туўған елиңниң,
Топлап алған табыслары жериңниң,
Кайтпас қуўаты ол Бахтиярлардың,
Сыйлықларын алың пахта теримниң.

Мәртлик пенен дослар салыңыз ҳүждан,
Түрли затлар шығып турған пахтадан,
Жарыста озып шық Сәлийма достым,
Сениң ушын алғыс айтар Уғылжан.

Бул сөзди айтып турғанда,
Почта келип булманға,
Гүлнигар, Бахтиярыңнан
Хатты алың деп Уғылжанға
Еки коллап усынды.
Сағынып жүрген Уғылжан,
Бахтияр деген сөзлерден,
Еки мәрте сүрнигип
Үш мәртебе жығылды.
Бахтиярдың сол жерде,
Танк айдап жүрген сүўретин,
Сүрме етип көзге көреди.
Тез келгей дей береди.
Сүўретин Гүлнигардың да,
Қызықсынып қарайды,
Қуўанғаннан жылайды.
Бердимбет пенен Гүлнигар,
Ийинлесип тур екен.
Еки бирдей ашықлар,
Бүйирлесип тур екен.
Қосылған екен фронтта,
Деп Уғылжан қуўанды.
Бердимбеттиң ата-анасына,
Көрсетип келди апарып,
Нуркасын Ҳүрлиманларды,
Қуўандырып Уғылжан,
Бахтиярдың хатларын,
Оқып айтып береди:

Қайбир исте болсын ҳөнер,
Ер азамат жаўын жеңер,

Толқынланған бойда жигер,
Баҳадырлық армияда.

Ийе болып уллы күшке,
Шынығып мәртлер гүреске,
Жетпектемиз зор жеңиске,
Геройлық ис армияда.

Танкистликке тилек еткен,
Ойлаған мақсетке жеткен,
Фашистлерди ҳәлсиреткен,
Бириккен күш армияда.

Қуўатлы танклер айдалған
Полат қолға күш жыйналған
Урынған жаўлар қыйралған
Қаҳарманлық армияда.

Жерде танк, суңқар көктен,
Бомба таслап оңлы-шептен,
Душпанды тасталқан еткен,
Батыр ерлер армияда.

Саўашта күшин сынатқан,
Чапаевтей даңқ таратқан,
Жигерленип күши артқан,
Жаўынгерлик армияда.

Жигер күшти-аямаңлар,
Ол жақтағы жанажанлар,
Мол табыслар бизге дәркар,
Толқын күшлер армияда.

Хатты оқып Уғылжан,
Жуўап хатты жазады.
Бахтиярдай жаўынгер,
Қатержам болсын бизлерден
Колхозынан, үйлерден,
Деп кеўлине йош берер,
Сөзлер таўып изледи.
Қыйынлық жағдай туўса да
Фронт ушын көп саўға,
Жиберилди колхоздан

Жеңис пенен келгейсең,
Бахтиярым деп жазды.
Душпанның, еки танкасын,
Бөлек таўдай аўдарың,
Ис көрсетип Бахтияр,
Турғанында шадланып,
Почта менен хат келди.
Уғылжан деген ат келди,
Қарыс өсип кеўили
Бахтияр хатты оқыды:

Мәртлик аманатдур сәўер ярыңнан,
Ҳүрметли тапсырма қәдирданыңнан,
Туўысқан халқыңнан жанажаныңнан
Шын журектен сәлем болсын палўаным

Ерлигиң өрлесин саўаш майданда,
Аяўсыз соққы бер жаўыз душпанға,
Даңқ ийеси болып шадлы дәўранда
Орден тағып жайнатып кел палўаным.

Әдиўли ўатанның дузын ақлағыл,
Қаҳарманлық пенен исти тақлағыл,
Муҳаббат, дослықты беккем сақлағыл,
Шийрин тилди сайратып кел палўаным.

Колхозымда ғайраткерлик етермен,
Кеўил максетиңе сениң жетермен
Айдай қарап жеңисиңди күтермен,
Баҳадырлық көрсетип кел палўаным.

Оқып болып бул хатты
Бахтияр тапты қуўатты.
Танкасының ҳаўазын,
Берлинге дейин жаңлатты.

Досларға жигер күш берип,
Бахтияр сонда сөз айтты.

Күшли бирлик пенен алдына басқан,
Теңиздей толқынлап, дәрьядай тасқан,
Бойда күш қуўаты нығайып асқан,
Жеңиске жол ашқан мәртлер саў болың.

Летчиклерим көктен гүзар жол салып,
Танкистлерим ҳүжим етип шадланып
Ғалаба бас қосып ҳәмме атланып,
Халқымды шад еткен мәртлер саў болың.

Халық ушын саўашта аямай жанын,
Ҳәр тәрептен салды ерлер ҳүжданын,
Қорғап залымлардан уллы ўатанын,
Жеңислерге жеткен мәртлер саў болың.

Аяўсыз душпанға соққылар берип,
Ўатанның тағдирин шешип үлгерип,
Уллы партиядан устазлық көрип,
Берлинге жеткен батыр, мәртлер саў болың.

Берлинге жеңис байракты,
Армиямыз, жайнатты.
Уллы Ўатан жеңиси,
Жердиң жүзин жаңлатты.
Сондай куўаныш үстинде,
Бахтияр жазды бир хатты.

Мәртлик ислерине ҳайран қалдырып,
Урынған душпанның ишин жандырып,
Жеңис шарабына мийрин қандырып,
Жетти бүгин армиямыз жеңиске.

Жан әкем Нурқасым, анам Ҳүрлиман,
Өмирлик қосласым болған Уғылжан,
Бизлерди ойлаған барлық қәдирдан,
Жетти бүгин армиямыз жеңиске.

Аўыл калаларда байрақлар жайнап,
Жеңис мерекесин Берлинде тойлап,
Ҳақыйқатлық пенен жеңип масайрап,
Жетти бүгин армиямыз жеңиске.

Уллы тойды тойлап бизлер қайтамыз,
Көрген, билгенлерди барып айтамыз,
Уғылжан ашығым гүлдей жайнаңыз,
Жетти бүгин армиямыз жеңиске.

Бахтиярдың бул жазған,
Хаты жетти аўылға.

Уллы шадлық қуўаныш,
Узақ күткен сағыныш,
Мумиядай еритип,
Жылыў салып жиберди,
Жүрек пенен бауырға.
Әсиресе Уғылжан,
Бахтиярын сағынып,
Кеўли гүлдей ашылып.
Қашан келер екен деп,
Ҳәўес етип көриўге
Ойнап-күлип жүриўге,
Уғылжандай келиншек
Бир сөз айтты күлимлеп:

Жаўлардан арын алғанды,
Шадлықтың сазын шалғанды,
Халық ушын туўған палўанды,
Ҳәзир ғана көрсем деймен.

Жарқыраған айдай жүзин.
Еситсем мен барлық сөзин,
Тилегимиз болар бизиң,
Көрип сәлем берсем деймен.

Бизге келген шадлық хабар,
Уллы мақсет орынланар,
Нийетлердиң бәри болар,
Тойға таярлансам деймен.

Жаўынгерим Бахтиярым,
Бердимбетим, Гүлнигарым,
Сағындырып турсыз бәрин,
Сизлер менен болсам деймен.

Көп күн өтпей арадан,
Жетип келди Бахтияр.
Өңири гүлдей жайнаған,
Дөнип келди Бахтияр.
Ҳәммеге ҳүрмет сәлемин
Берип келди Бахтияр.
Тракторын жанындай.
Көрип келди Бахтияр.
Колхоз баслық Ерполат,

Жеттиң бе жаным саламат
Деп кутлыклап сөз айтты:

Алғысым көп сиздей ерге,
Ўаған сүйген жаўынгерге,
Шадлық пенен өскен жерге,
Күлип ойнап хош келдиңиз.
Жаўдан алып намыс-арды
Орынлап лебиз ықырарды,
Қуўандырып досты-ярды.
Гүлдей жайнап хош келдиңиз.
Саўашта етип ерликлер,
Көз жумды нешше жигитлер,
Тарийх болды бул мәртликлер,
Аман есен хош келдиңиз.
Саўаш қурбансыз болмайды,
Жеңбесек кеўил толмайды,
Халқымыз алды абырайды,
Жеңис пенен хош келдиңиз.
Турмыстың ашшы-душшысын,
Бахтияр көрип фронтта,
Мақтаныш етип жеңисин,
Аман-саў келген ўакытта,
Ата-анасын кушақлап,
Жүреклери йош урды.
Болып арзыў әрманы,
Уғылжанға қосылды.
Ертеңине Бахтияр,
Ўазыйпасын ойлады.
Жарақат шала жазылған,
Балтырын оңлап бәйлады.
Танк айдаған қолларын,
Турмыс иске сайлады.
Кийип бурынғы кийимин,
Тракторын айдады.
Бахтиярдың бул исин,
Көрген аўыл адамы.
Шын жүректен қутлықлап,
Алғысларын айтады,
Пүткил Совет елинде,
Тынышлық жумыс басланды.
Усыманда таўыстық,
Бахтияр атлы дәстанды.

## МАЗМУНЫ

Ханаласлар (*дәстан*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Бахтияр (*дәстан*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

*На каракалпакском языке*

Садық Нурымбетов

**РОДНЫЕ**

*дастаны*

Издательство „Қарақалпақстан"
1960